«Зыуэ щыт Урысей» партым и екъулІэныгъэ

Дыгъэгъазэм и 2-м екІуэкІа хэхыныгъэхэм къагъэлъэгъуащ УФ-м и Президент Путин Владимир иригъэкІуэкІ къэрал лэжьыгъэ щхьэпэр цІыхубэм зэрыдиІыгъыр

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№234 (21.142) ● 2007 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 4, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

Процент 96,12-м!

КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм къызэритамкІэ, Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным республикэм исхэр жыджэру хэтащ. Нэхъ апэкІэ екІуэкІа хэхыныгъэм елъытауэ иджы хэхыпІэ участкэхэм процент 21-кІэ нэхъыбэ къекІуэлІащ, хэхакІуэу республикэм щатха псоми я процент 96,7-м Іэ яІэтащ. Ипщэ Федеральнэ округым и щыналъхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм апэ дыдэу щызэфІагъэкІащ хэхыныгъэм кърикІуахэр пэублэу къэпщытэжыныр. Зэкіэ къызэрабжамкіэ, хэхыпІэ участкэхэм къекІуэлІахэм ящыщу процент 96,12-м «Зыуэ щыт Урысейм», процент 1,72-м - КПРФ-м, процент 1,28-м - «Захуагъэ зэдэщІэ Урысейм», процент 0,41-м - ЛДПР-м, процент 0,12-м - Аграрэ партыр, процент 0,11-м - «Урысейм и патриотхэм», процент 0,06-м - ЯБЛОКО-м, процент 0,03-м - «Граждан къарум», процент 0,02-м - СПС-м, процент 0,02-м - «Социальнэ захуагъэм и партым», процент 0,01-м - Демократие партым папщІэ Іэ яІэтащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі Тупикин Андрей зэрыжиІамкІэ, ди дежи хуэдэу, щыналъхэм я нэхъыбапІэм хэхыныгъэхэр икъукІэ зэщІэгъэлъэуэу щекІуэкІащ икІи абыхэм «Зыуэ щыт Урысейр» нэрылъагъуу япэ щищащ: «Абы кьеГэлъагъуэ иджырей властым цІыхухэм дзыхь зэрыхуащІыр. Мыхьэнэшхэу иІащ щыналъэ спискэм КъБР-м и Президентыр, федеральнэ спискэм - къэралым и Президентыр япэ зэритам. НэгъуэщІу жьпІэмэ, хэхакІуэхэр икъукІэ жыджэру мыхьэнэшхуэ зиІэ политикэ Іуэхум зэрыхэтам къеГэлъагъуэ абыхэм ди унафэщІхэм дзыхь зэрыхуащІыр, иджырей социально-экономикэ программэмкІэ зэрыарэзыр.

Гу лъытатхъэщ хэхыныгъэхэр ди деж зэи хуэмыдэу зэпІэзэрыту икІи мамыру зэрыщекІуэкІам, зэныкъуэкъу е нэгъуэщІ мыарэзыныгъэ зэрыщыІмыІам. ХэхапІэ участкэхэм къабгъэдэкІыу дэ зы тхьэусыхафи къытІэрыхьакъым. ДызэрыщыгъуэзэмкІэ, дэнэ щыпІи гупІэгъуэмрэ нэжэгужагъэмрэ щытепщэу махуэр екІуэкІащ».

Хэхакіуэ комиссэм щхьэхуэу къыхиГэщащ хэхыныгъэм кърикІуахэм япкъ иткІэ республикэм и лІыкІуэхэр УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым зэхэтыгъэ Федерацэм и Советым ди республикэм къыбгъэдэкІыу щыІэну сенаторитІым къадэкІуэу, КъБР-м щыхаха депутату щы Къэрал Думэм хэтынущ».

Хэхыныгъэм кърикІуа кІэух джыгъэхэр мы махуэ благъэхэм къриубыдэу haIуэ хъунущ.

МЕЧИЕВ Асхьэт,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ БЕЧЕЛОВ Ильяс:

ТекІуэныгъэ нэрылъагъу къехь



УРЫСЕЙ Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр, КъБР-м и Парламентым хэкІыжхэм я пІэкІэ депутатхэр хэхыным дызыпэмыплъауэ зыри кърикІуакъым. Зэи хэмыдэу цІыху куэдым Іэ яІэтащ. Абы кьеГэлъагъуэ республикэм щыпсэуэр мы хэхыныгъэхэм зэрыпэплъэр, абыхэм УФ-м и Президент Путин Владимир, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен сымэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэшхуэр зэрыдаІыгъыр. Хэхыныгъэм кърикІуахэр щыхьэт тохъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым иц лъэпкъхэр зэрызэкъуэтым, къэралыр иджыпсту зытеуба гъуэгум тету адэкІи зегъэужьыным ахэр зэрительхьэм.

Щэч кьытумыхьэжу жыпІэ хъунущ «Зыуэ щыт Урысей» партыр къызэрызэрагъэпэщрэ блэкІа зэманым

КъБР-м и Президентыр Налшык дэт 32-нэ курыт еджапІэм Іэ, пІэтыну къэкІуащ.
Сурэтыр МАМИЙ Руслан *триХащ.*

Езым иригъэщІа еджапІэрщ Президентым Іэ щиІэтар

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен курыт школ №32-м кьыщыгъэрагъэпэща хэхыпІэ участкэ №105-м Іэ щиІэтыну зэрыхатхар зыми иГъэшІэгъуакъым: республикэм и Іэтащхьэм къаруушхуэ иригъэІащ Налшык къалэм щынэхьыфІ дыдэхэм ящыщ мы курыт еджапІэр зэман кІэщым кьрибубдэу къэзыр ящыІн папщІэ.

ПЩЭДДЖЫЖЬЫР сыхьэтІ 10-м фІэкІащ Къанокъуэ Арсен, Къэрал Думэм Бюджетымкіэ, налогхэмкІэ, финансхэмкІэ и комитетым и унафэщІ Васильев Юрий, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыІэм и Аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Меркулов Александр сымэ хэхыпІэ участкэм къэкІуащ. Абыхэм кьызэхуэсахэм сэлам гуапэ ирахри, Іэ Іэтыпім екІуэлІащ икІи бюллетенхэр ирадзащ.

Прессэм и лІыкІуэхэм Президентым яжриащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэфІагъэкІыну яубзыхуэ Іэхуэхэр Путин Владимир кьаазэрдиІыгъар. Республикэм зэрызиужь псынщІагъэм зэпымыууэ хэхьуэнущ. Псом хуэмыдэу гулъытэхуэу ящыІынущ псэуныгъэм пщыІа гуГуеухьхэр дэгъэкІыным, ІэнатіэщІэхэр кьызэІухыным, кьуажэм зегъэужьным. «Дэ мы щыналъэм дщыпсэу икІи ар зэпымыууэ ефІэкІуэн папщІэ лэжьакІуэ кьызэрыгуэкІым деж кьущегъэжьауэ Президентым и деж нэсыху тхуэзэфІэкІ псори етхьэлІэну ди кьалэнщ, - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм. - Дэ зэфІэкІ хъарзынэхэр диІэщ икІи ди кьалэн нэхъыщхьэр хэкІыпІэ псори цІыхухэм я гъащІэр егъэфІэкІуэным хуэдизыгъэ.

Хэхыпіэ участкэм кьыдэкІыжа нэужь, Кьанокъуэ Арсен хьэщІэхэм Налшык кьалэр иригъэлъэгъуащ. Ахэр ухуэныгъэщІэ зыбжанэм, иджыблагъэ кьызэІуаха сату центрым щыІащ. Дэнэ кьыщыкІыуэ, УФ-м и Президентым щыхухэр гуапэу кьыІущІащ. Абыхэм ящыщ куэд Кьанокъуэ Арсен кьехъуэхъуащ узынщагъэ иІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым зегъэужьыным куэдрэ телъэжьну.

БОЛЭТ Арсен.

●Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Я лэжьыгъэр къапщытэж

ДЫГъЭГъАЗЭМ и 2-м Анкара щызэхэтащ Тыркым щыІабжъэ Адыгэ Хасэ 60-м я зэІущІэшхуэ. Абы кърихьэлІа лы-кІуэхэр «Каф-Фед» федерацэм иужьрей илъэситІым иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм хэплъэжащ. Зи гугъу тщІы зэхуэсым хэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лІыкІуэхэр, абы и тхьэмадэ, профессор Дзэмыхь Къаскболэт я пашэу.

«Каф-Федым» и зэІущІэшхуэм илъэситІ лэжьыгъэр кьипщытэжа и ужькІэ, хэхыныгъэхэр екІуэкІащ. Тыркум щыІэ Хасэхэм я Федерацэм и тхьэмадэу илъэситІ пІалъэкІэ хахьжащ хьэрычэтыщІэ Джандемир (Гугъэжь) Джихъан.

ДАХя и Исполкомым зи ІэзэгъэщІэгъуэм и 30-м Анкара щригъэкІуэкІащ. Хасащхьэм хэтхэр щІэдэІуащ «Каф-Федым» 2006 - 2007 гъэхэм зэфІэгъэкІам теухуауэ Гугъэжь Джихъан жиІахэм. Апхуэдэу Иорданием къыщызэрагъэпэща спутниковэ телевиденэм и фотоуей Парт я Іуэхур зэтеубла зэрыхъуам, нобэ я лэжьыгъэр зэрекІуэкІым, адэкІэ зыхуагъэувыжа кьаэнэхэм кьызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ.

щхьэщэмыщІ Изэ.

●КъБР-м и Президентым и хъуэхъу

Тырку къэралым щыІэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ Джандемир (Гугъэжь) Джихъан деж

ПщІэ зыхуэтщІ Джихъан!
ПщІэ зыхуэтщІ ди лъэпкъэгъуэх!
Си гум кьызбгъэдэкІыу сынывохъуэхъу Тыркум Кавказ Хасэу щыІэхэм я федерацэм («КАФ-ФЕД»), зэкъуэшІ лъэпкъхэм я хасэ 60 зэщІэзыгъэуІуэм, и зэІущІэшхуэр кьызэрызэІуфхымкІэ!

«КАФ-ФЕД»-р кьызэрызэрагъэпэщі Іьандэрэ, 2003 гъэм и бадзэуэгъуэ маэм кьыщыщІэдзауэ, адыгэ, Кавказ Ищхьэрэм щыщ нэгъуэщІ лъэпкъхэм я диаспорэм лэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІащ я сэбэп зыхэлъхэр дзэгъэкІыным Іэнатіэ - адыгэ фІыщІэ хасэу, щэнхабзэ хасэу щыІэхэр зэгуэгъэхьауэ я лэжьыгъэр зэтеухуэнымкІэ, кьалыкьуэкІ Іуэхуэхэр тырку, дунейпсо зэгухьэныгъэхэм я пащхьэ кьыщІэтынырэ и кьалэну - кьызэгъэпэщыным теухуауэ. Щхьэхуэу кьыхэзгъэщытхъэщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм гущІэ нэхъыбэ дыдэ хэзылъхьэ «КАФ-ФЕД»-м и Іуэхущафэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщІхэм икъукІэ мыхьэнэшхуэ яІэу яІыгъ адыгэ лъэпкъым и щІэр фІыкІэ Іуным, ди щэнхабзэмрэ хабзэ дахэхэмрэ хьумэнымрэ зегъэужьыным-рэ, хэкужьыпмрэ диаспорэмрэ яку дэлъ зэпыщІэныгъэр гъэбыдэным теухуауэ фи зэгухьэныгъэм зэфІигъэкІ Іуэху щхьэпэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фІыуэ кьыгуроІуэ ди кьуэш псоми я пащхьэ кьалэнящхьэу и пщэ кьызэрыщыдзэхуэр икІи хьэзырыр ди лъэпкъым и хабзэр, и щэнхабзэр хьумэным, абы зегъэужьыным, ди тхьідэ кьулейр джыным, хэхэсхэм я адэжь щыІналъэм кьагъэззэжу лъэпкъыр зы хьужьным хуэунэмІуэу кьызэхэфІхьхьэхэр гъэзэщІа хьун папщІэ лъэкІ кьимыбгъэнэу зыкьыфщІигъэкъуэну.

Лэжьыгъэ купщІафэ фІыпэу, ди лъэпкъхэр кьэщІэрэщІэжьыным хуэгъэза фи мурадыфІхэр кьывэхъулІэну сынывохъуэхъу!

КЪАНОКЪУЭ Арсен,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зыльатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и органым и зэІущІэм и етІуанэ Іыхьэр 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м Парламентым и Унэм щекІуэкІынущ.

ЗэІущІэм щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Куейхэм къикІыу

* * *

БАХЬСЭН куейр республикэм и щІыналъэ нэхъ ин дыдэщ, цІыху нэхъыбэ щопсэу. ЩэбэтыкІ екІуэкІа хэхыныгъэхэм сыткІи хуэщІауэ ирипсалІ абы и къуажэхэр, езы Бахьсэн къаІэр.

Пщэдджыжьым сыхьэти 8-м ирихьэлІэу япэу хэхыпІэ щІыпІэхэм Іэ зыльтыну екІуэлІахэм яхэтащ иджырей зэхъуэкІыныгъэхэм адэкІи кьызэрыпащэнур хьакъ зыщІыхьуэ нэхъыжьхэр, къэкІуэнур зей, республикэм и Президентым и программэр дэзыльтъ, абы игъэтущхэ щІалэгъуалэр.

Хэхакіуэ комиссэм щыгъуазэ дызэрипщІамкІэ, щІыпІэ псоми хэхыныгъэхэр тэмэм щызэфІэкІащ. Ирипсилпі и пэкІэ, 2003 гъэм, екІуэкІа хэхыныгъэхэм ебгъапщэмэ, иджырейм цІыхухэр нэхъ зэуІуу, дэрэжэгъуэ яІэу екІуэлІащ. Даун, абы лъабжьэ хуэхъуар республикэм зэрызиужьырыр, къуажэдэхэм я гугъуехьэхэр зэфІэхыным хуащІ гулъытэрщ.

УАРДЭ Жантиз.

* * *

ЕКІУЭКІ ІУЭХУМ жэуапльнырэ ин зэрыпылъыр нэсу зыхъэщІэ, зи къэкІуэнур зыхуэдэнум ирипеІетей Аруан районым и жьыпэкІ жыджэру хэтащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным. Сыхьэти 8-м щыщІэдзауэ, щхьэж и Іуэху зэрыхуэхъум хуэдэ, хэхыпІэ участкэхэм екІуэлІащ а кьалэныр зи пщэ кьыдэхуэ дэтхэнэри.

Аруан районым и щІыпІэ хэхакІуэ комиссэм и Іэтащхьэ Къущхьэ Анатолэ кьызэрыджиІамкІэ, щыхуэ 41640-м Іэ яІэтащ дыгъэгъазэм и 2-м (ар районым Іэ щызыІэтым хуеягъэ я процент 99,5-рэ мэхъу). Ди лъахэм щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм гу лъытэнущ Путин Владимир УФ-м и Президент къулыкъум зэрыпэрыувэрэ ди хэкум игъэуэта зыужьыныгъэм иригушхуэ цІыхубэм я процент 99,6-м ар зи тельхьэ «Зыуэ щыт Урысей- Урысейпсо политикэ партым папщІэ Іэ яІэтащ.

Нэхъапэхэм хуэмыдэжу участкэхэм жыджэру екІуэлІащ щІалэгъуалэрэ. Зи узыщІагъэм кьымыхьу хэхакІэ участкэхэм емыкІуэлІэфа щІыпІэ 342-м я унэхэм кІуэурэ Іэ ирагъэІэтащ.

ПЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

* * *

УРЫСЕЙ Федерацэм и Къэрал Думэм и хэхыныгъэхэм жыджэру хэтащ Шэрдж куейр. Мыбы щыпсэу щІыпІэ мин 17-м щыщу процент 40-р пщэдджыжьыр сыхьэт 11-м нэхъ фІыкІыну хэхыпІэхэм кьекІуэлІащ.

Шэджагъуэм ирихьэлІэу процентищэкІэ Іэ Іэтэр щызэфІэкІащ Жэмтхьэлэ, Зэрэгъыж кьуажэхэмк. Шэрдж куейм и щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІ Ефэнды Заурбэч и нэІэ тету лэжьа кьащІыкІуэхэм кьызэрагъэльэгъэмкІэ, щІыху мини 3 щыпсэу Аушыджэрым, сымаджэхэмрэ жьы дыдэ хъуахэмрэ кьыщынэмыщІа, Іэ Іэтым хэмыта зы щІыху кьыдэнакьым. Иджы хуэдэу жыджэру щІыхур хэхьыпІэм екІуэлІауэ кьуажэ унафэщІхэм ящІэжыркъым.

ЖАНХЬУЭТ Зуэз.

* * *

ПРОХЛАДНЭ ащыгъуэм Іэ Іэтым щыщІидзэн и пэ кьыхуэу хэхыпІэ участкэхэр щІапщІыкІащ щІыхубэ щынагъэнщагъэм кІэтыпІэхэм. Сыхьэти 8-м ирихьэлІэу япэ дыдэу бюллетенхэр ирадзащ зэхэмрэ гъэжьыгъэмрэ я ветеранхэм. Пщэдджыжьым сыхьэти 9-м ирихьэлІэу щІыху 1000-м нэблагъэм Іэ яІэтат. Шэджагъуэ нэужьхэм а бжьгъэр нэсащ мини 9-м. Къэрал Думэм и хэхыныгъэхэм хэтэ Іэщ1агъэлI ныбжьыщІэ Амщокъуэ Артур зэрыжиІамкІэ, иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІа зэхъуэкІыныгъэхэм фІы куэд щІалэгъуалэм кьахудэкІуащ. Сухороковэ Аннэ япэ дыдэу хэту аращ хэхыныгъэхэм. Езым хуэдэ ныбжьыщІэхэм я Іуэху зыгъэзэжуэфыну кьыпІытэ «Зыуэ щыт Урысейм» и телъхьэщ ар.

Хабзэр кьызэпызыуд зы Іуэхуи кьэмыхьу хэхыныгъэхэр Прохладнэ куейм щекІуэжащ.

КІЭБЫШЭ Лилэ.

* * *

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и адрей щІыпІэхэми хуэдэу, жьыуэ хуэзэщІэзджат Шэджэм районым и щІыхуэр дыгъэгъазэм и 2 махуэм. Ахэр хуэпІащІэрт ди пщэдейм, ди кьэкІуэнум дежкІэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиІэну Іуэхугъуэм - къэралпсо Іэ Іэтым зэрыхэтыным. Махуэри уэфІ дахэри, щІыхуэм зэкьыдищІ хуэдэт.

«Ди куейм эхьыпІэ участкэ 18 иІэти, псори сыхьэти 8-м кьызэІутхащ. Дэ сыт и лъэныкъуэкІи дыхуищІэкъуащ хэхакІуэхэм Конституцкіэ яІэ хуитныныгъэхэр нэсу зэрыдгъэззэщІэным. Іэ Іэтыр хуиту, щыщІэныгъэ гуэрхэр зэмылъу зэрекІуэкІам кьеГъэльагъэр ар кьызэрыдгъэхьуІар. Участкэ комиссэхэм я Іэжьыгъэм партхэм я лІыкІуэхэр кІэтыпІэлъати, дагъуэ хуащІакьым», - къыджиІащ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІ Къарэмызэ Хьэсэн.

Абы кьызэригъэлъэгъуамкІэ, районым щопсэу хэхакІуэу 41268-рэ. А бжьгъэм щыщу 39597-р участкэхэм екІуэлІэри, зыхуейхэм щхьэхкІэ Іэ яІэтащ. НэгъэщІу жьпІэмэ, ятхам и процент 95,6-р хэхыныгъэхэм хэтащ.

Іэ зыІэтахэм я процент 98,6-р «Зыуэ щыт Урысей»-м и телъхьэу къэуващ. «Захуагъэ зэдэщІэ Урысей» партым процент 0,78-рэ, УФ-м и Компартым процент 0,32-рэ яльысащ.

Къарэмызэ Хьэсэн кьыхуигъэщащ хэхыныгъэхэр хабзэм тету кьызэрэзэпэщыным жылагъуэ псоми зэрыщегъуегъуар, абыкІэ учхэтэ комиссэхэм хэтахэм фІыщІэ ин зэрахуэфащэр.

АРУАН Алий.

* * *

«КЪЭРАЛ мыхьэнэ зиІэ сыт хуэдэ Іуэхугъуэхэм дзэлъкьуэдэсхэр жыджэру хэтщ. Ар иджыри зэ кьинэнэІуащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатхэр щыхэтха дыгъэгъазэм и 2-м», - жиІащ районым и щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІ Тхьэщокьуэ Владимир. Абы щыгъуазэ дыхьэрыщІамкІэ, а махуэм участкэхэм екІуэлІащ щІыху 28842-рэ. Ар Іэ зыІэтыну хунту ятхам и процент 98,3-рэ мэхъу.

- Іэ Іэтыр зэфІэкІыу абы кьрикІуар щызэхэтлъхьэжым, нАуэ кьхъуащ хэхакІуэхэм я процент 98-м щІигъур «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и телъхьэу кьызэрыгуэкІ. Абыхэм я бжьгъэр 28442-рэ мэхъу. УФ-м и Компартымрэ «Захуагъэ зэдэщІэ Урысей» партымрэ етІуанэ, ещанэ зыплІэхэр зэдагъэщащ, - кьигъэлъагъуащ Тхьэщокьуэ Владимир.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

«Зыуэ щыт Урысейм» егъэмахуэщхуэ

УФ-м и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм хэІущІыІу ищІащ тхьэмахуэ кІуам екІуэкІа парламент хэхыныгъэхэм кьрикІуахэр.

Зэкіэ кьызэрабжамкіэ, хэхакІуэхэм я нэхъыбапІэм - процент 64-м щІигъу - Іэ хуаІэтащ «Зыуэ щыт Урысей» партым. Апхуэдэ щІыкІэкІэ а партым Іэмал иІэ хъуащ зыхуеину унафэкэр Къэрал Думэм щыпхигъэкІыну.

Кьыкіэлъыкіуэ увыпІэхэр кьахьащ КПРФ-м (11,6%), ЛДПР-м (8,2%), «Захуагъэ зэдэщІэ Урысей» партым (7,8%).

Адрей партхэр Къэрал Думэм хьмэн щхьэкІэ кьахьыпІ хуея бжьгъэм нэсакьым.

Хамэ къэралхэм щыщ кІэлъыплъакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, хэхыныгъэхэр Урысейм щекІуэкІащ ныкъусаныгъэ куэд хэмылъу.

Тхьэмахуэ псокІэ

1941 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м советыдзэхэм ираГъэкІуэтыжу щІадзащ Москва къэзыщтэну хэта фашист зэрыпхъуакІуэхэр.

А къэхъугъэр мы кьалэшхуэм щагъэлъэпІэнущ тхьэмахуэ псокІэ: щІыпІэ-щІыпІэкІэ щекІуэкІынущ зэхуэсхэр, концертхэр, сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэр, удз гъэгъахэр бгъэдалъхьэнущ заузм хэкІуэдахэм я фэеплъ сынэхэм. Кьалэ унафэщІхэр Москва зыхъумакъм яхуэупсэнущ ахъшэкІэ, ерыскьыхэкІхэмкІэ, тыгъэ зэмылІуэжьыгъуэхэмкІэ.

Усамэ иджыри псэущ

Террорист псоми я нэхъыщхьэу ялъытэ Бен Ладен Усамэ къэзыуБыдым е зэдэщІэр американхэм ящІэжьам доллар мелуан 50 тыгъуэ кьыхуащІыну зэрагъэІурэ куэд щІами, Усамэ псэущ, и «Іэщ1агъэр» ихуэхьанчи и мурадкъым.

Абы и щыхьэтщ иджыблагъэ ар «Аль-Джазирэ» телеканалымкІэ къызэрыпсэльар, Европэм ис цІыхухэм захуигъазэу, я правительствэхэр хагъэзэхьыну. Афганистанымрэ Иракымрэ я дзэхэр ирашыжьну хуагъэувыну къызэрыхуриджар.

«Дуглас»-р къехуэхащ

Тыркум и ипщэ зыльэныкъуэмкІэ, Испартэ кьалэм пэгъунэгъуу, «Дуглас Макдональд» къхъухьлъатэр щыІэм къехуэхри, щыкІуцІыкІуу зэпкърыщэщащ.

Абы иса щыху 57-м щыщу зыри псоууэ кьелакъым.

ИТАР-ТАСС.

Тхьэмахуэ псокІэ

♦ Илъэс щищкІэ уэзІэбэжыкІмэ (1707), Москва къыщызэІуахауэ щытащ кьалэм и зауэлІ сымаджащ нэхъыщхьэр, Урысейм и апэ къэрал госпиталыр, мы зэманым Бурденко Н.Н. и цІэр зезыхьэр.

♦ И ныбжьыр илъэс 70 мэхъу урыс режиссер цІэрыІуэ Артюхов К.В., усакІуэ щэджащэ Пушкин А.С. теухуауэ документальнэ фильм зыбжанэ («Пушкин в Петербурге», «На берегу Фонтанки», «Потомки Пушкина», нэгъуэщІхэри) тезыхар.

♦ Илъэс 85-рэ мэхъу (1922 - 1959) франджы артист цІэрыІуэ Филипп Жерар кьызэральхурэ. Ар Іэзэу щыджэгуащ фильм куэдым: «Фанфан-Тюльпан», «Монпарнас», нэгъуэщІхэми).

♦ Илъэс 85-рэ мэхъу и 4 - 6-хэм Санкт-Петербург щекІуэкІынущ библиотекэхэм я лІыкІуэхэм я апэрей Урысейпсо зэхуэсыр.

♦ Дыгъэгъазэм и 4 - 5-хэм Ганновер (Германие) щызэхэтынущ экологие Іуэхухэм теухуа щІэныгъэ-практикэ конференц. Абы бедджылы кьыщыхьунущ «Европэм щІыхь зиІэ и щІэныгъэлІ» дипломхэр зыхуагъэфащэхэр.

♦ Дыгъэгъазэм и 4 - 7-хэм «Крокус Экспо» (Москва область) гъэльэгъуапІэм щызІэнущ мэзым зэрелэжь машинэхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ щащэну дунейпсо жамыкІэр.

♦ Адыгэ усакІуэ, тхакІуэ, драматург Тхьэрыкьуэхьуэ Мэжид (1927 - 1987) кьыщыдалъхуа я махуэщ.

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакъикьэ 26-м, кьуэхьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикьэ 29-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикьи 3-рэ.**

Пліанэгъэр зыгъэзэжырар **ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.**

Лъэпкъ Іуэныгъэ:

Тхьэмыщкіиті зэгъусэмэ, бей хуэдэу мэпсэу.

АвтомашинэщІэхэр ират

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и къэхэхэмэр районхэмэр дэт поликлиникэхэм хуэхьа автомашинэ ныкъущІхэр Мейкьуанэ ират.***

АДЫГЭ Республикэм узынщагъэр хьумэныкІэ и министерствэм къызэритамкІэ, мы гъэм медицинэ Іуэхущапіэхэм я транспортыр фІыуэ кьагъэщІэрэщІэжащ. Иужьрей автомашинэхэр кьащэхуащ «АР-м гъащІэ щыІэныкІэ зэкъуэтыныгъэ» МСК ащыпсэуэр зэгухьэныгъэм и мылькукІэ.

Президентым и саугъэтхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и астрофизикэ Іущ1ащхьэм и президентым и саугъэтхэр иратынущ.***

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЫМ 2008 гъэм и бюджетым щыуб5ыхуащ Архъыз курортым вагъуэхэм щыкІэлъыплъ Іэщ1агъэлI зэчифІэхэм я щІэныгъэ лэжьыгъэр дэІыгъыным тещІыхьа мыльку.

«Сэ срогушхуэ ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и астрофизикэ обсерваторие щхьэхуэр дуней псом щыпхъэ инхэм ящыщу щІэныгъэ институтэ зэрыщытым. ЩІэныгъэлІ щІалэхэм защІэдгъэжьэн папщІэ, етІанэ-гъэ щыщІэдзауэ хуэхэтхащ саугъэт 30, дэтхэнэри сом мини 100 хъуэу», - жиІащ КъШР-м и Президент Багдыев Мустафа Арзыгъаузым щыІэ Буковэ вагъуэ кьаІэ цІыкІум газ эрамам теуха гуфІэгъуэ зэІущІэм кьыщыщыпсалъэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Куейхэм къикIыу

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

* * *

УФ-м и Къэрал Думэм и етхуанэ зэхэуасIуэуэм хэтыну партхэр кIыхьэныным жэуапIныгъэ ин хэлъу Iуэхум бгъэдыхьащ Iврч районым щIыпсэухэри. ХэкIыпIэ участкэхэм екIуэлIакIэмрэ абы мыкIуэфынуэхэм щхьэкIэ кIрахьэкI ашыкхэр зыхуахьхьэмрэ я процент бжыгъэр 99-м щыщIигъуащ районым и кIуаждэ псомкI. Псалъэм папщIэ, Инарыкьуей щIэ хэхьпIэм (унафэщIым Щомахуэ Аслъэнщ) екIуэлIащ кIуэждэхэсэм я процент 99,7-рэ, сымаджагъэкIэ хэкIпIэм мыкIуэфэ кIуаждэри 106-м я дежи щыIаращ хэхакIуэ комиссэм щыщ гупитI.

Зы хьэблэм дэсхэр зэгъусэу, зы лъэпкъым щыщ нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ зэщIигъуу, зэрыгъэгушхуауэ, зэхъуэкIыныгъэфIхэм щыгугъуу, хэкIныгъэм фIы кIахуэдэкIуэну зэхъуэхъуэку инарыкьуейдэхэр хэкIпIэ участкэм кIуащ. Уеблэмэ кабинэ щхьэхуэхэм щыщIыхьэкIи абыхэм ябзыщIыгъэкIым IэщIалэтыр - псори и телъхьэт -Зыуэ щыт Урысей- партым, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зыкъэзыгъэльагъуэхэм я спискэр Президент Къанокъуэ Арсен и щIэкIэ къызэрыщIидзэм иригуфIэрт, иригушхуэрт икIи гурэ псэкIэ ящIадыгът. Апхуэдэ щыкIэкIэ хэхьныгъэхэм хэта инарыкьуейдэхэм я процент 99,5-м Iэ щIаIэтар -Зыуэ щыт Урысей- Урысейпсо партырщ.

НЫБЖЬ Тансэ.

* * *

РЕСПУБЛИКЭМ и къалащхьэм нэхъ пэжыжьэ Iуащхьэмахуэ районым щыпсэухэм зэрыжаIэмкIэ, къаухэмыгъэсу пэпIащ УФ-м и Къэрал Думэм и хэхьныгъэхэм.

Дыгъэгъазэм и 2-м, сыхьэт 11-м ирихьэлIэу куейм и хэкIпIэ участкэ 21-м къекIуэлIащ хэкIуэхэм я процент 36-р. Сыхьэти 3-м ирихьэлIэу ар нэсащ процент 70-м. ХэкIпIэхэм концерт щатащ куейм и уэрэджыIакIуэхэмрэ хэфакIуэхэмрэ. Я Iэу Iэ щIэтахэм яхэтащ Iуащхьэмахуэ районым и Iэтащхьэ Соттаев Къурмэн. УнафэщIым зэрыжиIэмкIэ, мы щIыналъэм щыпсэу дэтхэнэми и Iуэхумрэ и мурадхэмрэ зэпэлъытауэ, дзыюь зыхуащIэм папщIэ Iэ яIэтащ.

Псом ящхьэращи, цIыхубэр хэхьныгъэхэм жыджэру къекIуэлIащ, пщIэдей махуэм фIы кьахудэкIуэным щогугъ.

ГЬОСТЭН Музэ.

* * *

КЪЭРАЛЫМ и къэкIуэнур зыгуэдэнур дэтхэнэ зыми зыгуэркIэ езым елъытыжауэ зэрыщIытыр фIы дыдэу зыхиадIу зыгъгъэзащэ и 2-м Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхьным жьджэру хэзащ (Iэсхэр районым хьыхь Хьэтуей щхьэкIэ щыпсэухэри.

Къуажэ администрацэм и унафэщI Мэремкъуэ Умарбий кьыщыгъэджIамкIэ, хэхьныгъэхэр хабзэм тету екIуэлIащ, къуажэдэсхэр жэуапIныгъэ яхэлъу Iуэхум пэрыхьащ.

- Iэ зыIэтыну жьыпэм дэсым и процент 99,9-р хэхьпIэ участкэхэм я къекIуэлIащ икIи ахэр псори -Зыуэ щыт Урысей- партым и телъхьэу кьыщIэкIащ, -жиIащ Мэремкъуэм. - Псом хуэмыдэу дызыщыгугъыкIахэм щыщщ щIалэгъуалэр жыджэру хэхьныгъэхэм зэрыхэтар. ХэхьпIэ участкэхэм къекIуэлIэ нэхъыжьыфIэм ебгъэкIуэну щхьэхуэхэм щыщIыхьэкIи абыхэм ябзыщIыгъэкIым IэщIалэтыр - псори и телъхьэт -Зыуэ щыт Урысей- партым, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зыкъэзыгъэльагъуэхэм я спискэр Президент Къанокъуэ Арсен и щIэкIэ къызэрыщIидзэм иригушхуэрт я къуажэгъу щIалэ щIэхьгъущ Адэлбий УФ-м и Къэрал Думэм и депутат зэрыхьэнум.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

* * *

МАЙ КУЕЙР хэхьныгъэхэм IущIащ хэкIуэхэм Iэ щIэзэтыну щыпIэхэр псомкIи зыкуей хуэгъэзауэ. ЩIым телъхьахьыныр зи Iуэху мэхъуэ районым щыпсэухэмрэ Iуащхьэмахуэ районым щыпсэухэм зэрыжаIэмкIэ, къаухэмыгъэсу пэпIащ УФ-м и Къэрал Думэм и хэхьныгъэхэм.

Дыгъэгъазэм и 2-м, сыхьэт 11-м ирихьэлIэу куейм и хэкIпIэ участкэ 21-м къекIуэлIащ хэкIуэхэм я процент 36-р. Сыхьэти 3-м ирихьэлIэу ар нэсащ процент 70-м. ХэкIпIэхэм концерт щатащ куейм и уэрэджыIакIуэхэмрэ хэфакIуэхэмрэ. Я Iэу Iэ щIэтахэм

● КъБР-м и Парламентым

Парламентархэр арэзы техъуащ

мэз Iуэху зэхущытыкIэхэр убзыхуным теухуа законым

Къэралым мэз юэйстхэм зэхъуэкIыныгъэ куухэр кьыщIихъуамэ, иджыри кьыздэсым щыIакьым аэр зыбгъэдэлъхэм я къалэнхэмрэ хуитныгъэхэмрэ зыгъэIбедджылы, апхуэдэуи Урысей Федерацэм и суб Iектхэр щыгъуазэкIыным мэзэр зэрызэрахьэну щыкIэм. Иджыблагъэ республикэм и Парламентым кьыштащ «Мэз Iуэху зэхущытыкIэхэр убзыхуным т еухуауэ» КъБР-м и закон. Ар зэхалъхьащ 2007 гъэм щIышылъэм и 1-м щыщIэзауэ къару зыгъуэта Урысей Федерацэм и Мэз кодексым ипкъ иткIэ.

Законым кьыщыхьа Iуэхугъэ зэхъуэкIыным щыгъуазэ дищIыну дэ дельэIуащ КъБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щIыупсэр къэгъэсэбэныкIэ и комитетым и унафэщI Несутулов Виктор.

- Сыт щхьэусыгъуэ хуэхъуар «Мэз Iуэ зэхущытыкIэхэр унэIыным теухуауэ» закон зэхэлъхьэ- ныр?

- Мэзхэр ди республикэм щымыкуэдми (абыхэм яубыдыр процент 15 къудейр), Мэз кодексым ипкъ иткIэ мэз Iуэху зэхущытыкIэхэр дунэтIыну ди кьалэнIэ. Аращ а законыр щIыIэхэттыхьари.

Законым егъэув щIыхуэхэм мэзым псэуатапхъэ кьыззэрыщIаш щIыкIэмрэ щIыкIэмрэ бжыгъэмрэ. Мэз пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ ерыскьыпхъэ къэкIыгъэмрэ зэрагъэхьзыр, хущхьэгъуэу зыхэлъ удэхэр зэрызэхуэхьэс щIыкIэр, щIыуэ хозяйствэ зехьэн щхьэкIэ мэзхэр кьыздэсым хабзэт хабзэхэр, мэз кьэкIыгъэхэр къэщхэун-щIыным зэугъэзауэ зэрызэгурыIуэм тету пхъэкIэбжьэкIэ зэрагъэхьэзырыр.

Сэ сыслэрепIыжмкIэ, а Iуэхугъэхэр ерыскьыпIыным Iэмал кьыдитынущ мэзыр тэмэму кьэгъэсэбэныкIэ, кьэгъэщIэрэщIэжьныкIэ.

- Республикэм и мэзхэм щIыхьэ зыгъэгъэкIэ зыгуэркIэ япэрыуэрэ законир?

- Дэ дыхуиткIым закониркIэ дапэрыуэну. ЩIыхуэхэр хуитщ пщIэ щIамыту ящIэтыну, я щхьэм щхьэкIэ мэз пхъэщхьэмыщхьэр, мэракIэр, мэзыдэр, Iэгъэбэгэр, хущхьэу зыхэлъ удэхэр зэхуахьэсыну. Ауэ зэхуахьэсу ядэнэжьым Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым я Тхыльэ пIыльыкьэм ихуа, апхуэдэуи наркотик зыхэлъу кьаIыпта кьэкIыльхэр.

Ягу кьэзгъэкIыжьыну сыхуейт хуэжьынкIэ хьунур сыт?

- Псом япэрауэ, цIыхур зыхэныкъуэ пхъэм нэхърэ нэхьыбэ лъэIу тхылъым кьыщыгъэпъэгъуамэ. А бжыгъэхэр мыпхуэдэхэщ: псэупIэ унэ, псэуалъэ яухуэн щхьэкIэ ильэс тIощым и кIэщIкIэ кубометр 30-м нэс - зэ; псэупIэ унэмрэ псэуалъэхэмрэ сыт и лъэныкьуэкIи зэгъэпэщыжьын щхьэкIэ - пхъащхьэу кубометри 5 ильэсым - зэ; псэупIэ унэр, унэм щыщ Iыкьэр, хьэкуэкIэ ягъахуэ бэ нэгъуэщI псэуалъэхэр гъэпIын щхьэкIэ пхъэ кубометри 10 ильэсым - зэ.

- Законым кьыхуэ пхъэр къэщхъуэн-щIынымрэ гъэхъэзырыным теухуа щытыкIэ хэлъ къэхъункIэ хуэну?...

- Пэжщ, хэтщ апхуэдэу. Мэз къэкIыгъэхэр кьэщхъуэн-щIынэр къэхуэкъащIэ щхьэхуэхэм елъытауэ, нэгъуэщIу щIызэфIэкI щыIэщ. А къэхъуэкащIэхэм хохьэ:

1. МафIэс, псыдзэ кьыззэрыхъуам, аварихэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжьын, апхуэдэуи щIыхуэм я гъащIэмрэ я узынщагъэмрэ дежкIэ щынагъуэ зыпIытхь жьигъэр нэпхъыбэ щыхуейм деж.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щатха икIи абы и щIыналъэм щыIэ мэкъумэщ организацэхэмрэ мэкъумэщыщIэ (фермер) хозяйствэхэмрэ езыхэр зыхуэныкъуэхэм щхьэкIэ пхъэкIэбжьэкIэ ягъэхьэзырыныр.

3. Унэхэр ирагъэпIын, псоуальхэр кьыхуащIыкIын, нэгъуэщI зыхуэныкъуэ Iуэху кьыхуэхьэсыну щхьэкIэ щIыхуэхэм мэзым пхъэ кьыззэрыщIаш хабзэ Iуикъэр.

Щыхуэхэм пхъэ кьыхах хуэмыдэ зэгурыIуэ щIыкIэр икIи мурадым щхьэкIэ КъБР-м Мэз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым лъэIу тхылъ егъэхьын хуейщ пхъэр кьызэрагъэсэбэныну щхьэкIэ щIыхуэхэм мэзым пхъэ кьыззэрыщIаш хабзэ Iуикъэр.

Щыхуэхэм пхъэ кьыхах хуэмыдэ зэгурыIуэ щIыкIэр икIи мурадым щхьэкIэ КъБР-м Мэз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым лъэIу тхылъ егъэхьын хуейщ пхъэр кьызэрагъэсэбэныну щхьэкIэ щIыхуэхэм мэзым пхъэ кьыззэрыщIаш хабзэ Iуикъэр.

- Аращи, КъБР-м Мэз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым жэуапIныгъэ ин и пщэ кьыдохуэ мэзыр зехьэныр, ар нэхьыфIу кьэгъэсэбэныныр кьызэгъэпэщын и лъэныкъуэкIэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапи.

Тхьэгъэпсыхь Хьэтуий Шоджэм районым хыхьэ Iашынкьей къуажэ администрацэм и Iэтащхьэу зэрыдажьэр иныжым мазэ зыбжанэщ щIигъуар. Абы и пжIэ Iэнатlэ эмылIуэжьыгъуэхэр къырихьэлIэу, щIыхуэр кьыхуэзрэзыуэ иэгъуэщI щIыпIэхэмкIыным, Хьэтуий куэд щIауэ щIрхьэщхьыгъ кьыщальхуэа и жьыгъжьым хуэзфIэкI хуищIну, и къажэгъэхэм я пэуцкIэр эзгъэпэщ щIыным и гущIэ хилхьэну.

ЗИ ГУГЪУ тущ пIалъэр мыкIыхь дыдэми, а щIалэм Iуэхуфl куэд кьехьулIащ. Псалъэм папщIэ, а Iэнатlэм щыпэрыса лъэхъэнэм къуажэ администрацэм и лэжьакIуэхэм мазе 6 хьауэу улахуэ ирататэкъыми, абыкIэ республикэ, район унафэщIхэр дэIепыкъуэгъу кьищIри, Iуэхур икIэщIыпIэкIэ зэфIихащ, иужькIи улахуэкIэ кьиIэн хэтыжакъым. ТхьэзэплIыжьыр къуажэ администрацэм и Iэтащхьэу зэрыщыт ПТБ-м кьриубыдэу зэфIэкIа Iуэхухэм щыщщ ТВ-ретранслятор Лашынкьей зэрыщагъуэвар: ар зыгъэлэжьэну Iэмэпсымэ псори кьаIэрыхащ, зыщIэтыну унэ щыIэрэ яухуащ, иджы тхьылъмпIэ Iуэхухэр зэфIэкIмэ, лажьэу яутыпщынущ.

Хьэутий сэ къэсщIыхуным иIа щхьэусыгъуэр, щхьэтеуэ жьыпIэмэ, фIырыфIу щытакъым. Япэ щIыкIэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм къжIащ Лашынкьейдэ 39-м я Iэ зыщIэлъ тхыгъэ (ар мы гъэм газетым и кIыдзэкIыгъуэ №158-м тетащ). АбыкIэ мыарэзыкъу Лашынкьей кьуажэ щIыпIэ администрацэм и лэжьакIуэхэм кьабгъэдэкI письмор кьыслэрыхьа ящэж, мурад сшIащ Iуэхур зэхэгъэкIыу, зи гугъу яшI унафэщIым зыхуэзгъэзэну. Ауэ абы и пэ кьи- хуэу фыщыгъэгъуэзэну сыхуейт етIуанэрей тхыгъэм.

«Лашынкьей кьуажэ администрацэм кьыбгъэдэкIыу жэуап етIыжьыну дыхуейщ 2007 гъэм щыщхьэIум и 15-м кьыдэкIа «Адыгэ псалъэ»-м тета «Ар дауэ гуп тебгъэхуэн!» зыфIаща тхыгъэр кьызыбгъэдэкIхэм, - кьатх администрацэм и лэжьакIуэхэм. - Ди кьуажэдэсхэм ящыщхэм зыкIи зыщымыгъуазэ Iуэхум теухуауэ апхуэдэщI ятхын дэнэ кьэна, я жьэ кьрагъэкIуу жаIэн хуейтэкъым! Гурэ псэкIэ кьуажэмэ я куажэдэсхэмрэ хуэлажьэ Iэтащхьэ щIалэ Тхьэзэпльыж Хьэутий псэм теухуа псалъэмакъкIи нэгъуэщI IуэхукIи кьыбгъэдыхьа щIыхуэр зыщIалажьэ пэщIым щIымыщар, кьахуэлту кьыГуигъэкIыжар щIы зэфIэзэщIу, сыт щхьэкIэ жыIэмэ, щIэмыарэзы мыхъумыщIагъэшхуэ щиIыгъуами, ар зи макъыр зымыIэт щIыхуэ. Администрацэм и лэжьакIуэхэр абы фIы дыдэу дышыгъуазэщ. Ауэ псоми дощI - жагъуэгъу зимыIэ щыIэкъым.

Гъэстыр кьагъэсэбэну республикэпсэ утыку ихьа а ди кьуажэзэгъэсэм ящIэжу пIэрэ нужьрейуэ псы уасэ щатар дапщэщми? Уэ кьыпIысыр умыщIауэ, хуэзфIэмкIэкIэ нэгъуэщIыр бгъэкъуэнщэну, дауи, нэхъ тыншу кьыщIэкIынщ! Мыгъэрей уэгъум хуэдэ дяпэкI Тхьэм кьымытхьху, иIъэ 40-м щIигъащ апхуэдэ ди щIыпIэм зэрыщымыIэрэ, икIи абы гугъу иригъэхьар ди кьуажэм и закъуэкъым. Ауэ администрацэм и лэжьакIуэу псы уасэ кьыхуэзыхьр лашынкьейдэсхэм я бжэIупэ Iухьамэ: «Ахьлъэм къригъэжэх псым уасэ сыт щIыщIэттыныр?» - кьыжраIэ. Дэ кьызэрыгъэтымкIэ, псы уасэ ятын хуей зэрыхьум къытекIа псалъэмакъщ ахэр псори. Уэгъуэгъуэм кьыхэкIыу кьуажэм къажIэу псыр тэкIу кьэ щащIэ щыхьуами, ди жьлэм иIэщ а псыр зэи щызэпымыу Надречнэ уэрам, ауэ абы щыпсэухэми ядэркъым псы уасэ ятын! Сыт итIанэ зи кьалэн зыгъэщIэ кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэ щIогъэжьуэшIэнэр, псом хуэмыдэу псы кьажIэр зыубыдыр щыгъуазэ, а Iуэху гугъур зэфIэхьным нужь щIыткIэ?! Гъэстым кьытехуа тхыгъэм кьыщыгъэлъэгъуа Iуэхур зэхэвгъэкIыу абы и пжьыпIэр кьытебдзэжьну зыфхудогъаз?».

Абы апхуэдэу щыгъуащ гъэмахуэм кьэкIуа тхьэусхьафэм зи Iэ щIэзыдзауэ щытахэм кьыбгъэдэкI тхыгъэ кIэщIэхэр: «Дэ Iэ зыщIэдзар тхьылъмпIэ нэщIщ, ар зэхуэзыхьэсахэм кьыджаIар псым и Iуэхур зэхэкIыным зэрегугъущ. Дэри сэбэн дыхьэу ди гугъуэр арыкъудейщ, абы кьыхэхьэу дыарэзыкъым газетым кьытехуа тхыгъэмкIэ?», «Iуэхум зыри хэтщIыкIркъым, зыщIыпIэ дежи Iэ щIэддзакъым, псы дыз зримыIэр пэщIу, ауэ газетым тета тхыгъэм кьыхэщ адрей Iуэхугъуэхэр пэжкъым», - гупсысэжьм хуэдэ зыбжанэ кьыщыгъэльэгъуауэ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ Лашынкьей кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Тхьэзэплъыж Хьэутий кьыджаIам.

- Кьуажэр ирикъуу псыкI кьыззэпэщыныр ди Iуэху нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ, - жиIащ абы. - Ауэ ар кьуажэ администрацэм и кьару кьудейкIэ зэфIэмыкIынщи, дыпэлъыщркъым. Сэ мы Iэнатlэр пщэрыльэ щыхуэхьуам, ягъэ абы нужь сихьат. А Iуэхур ди дежи кьызэрыщымыIэр наIуэ кьыщыхъум, ар зэфIэгъэкIын мурадкIэ, республикэм и Правительствэм тхьгъэ зыбжанэкIэ зыхуэзгъэщI, зэфIэзыхьн хуейхэм хуащIа унафэхэри иту жэуап кьыслъэрыпхьжащ. Щыгъуазэ дызэрыхуащIамкIэ, мы Iуэхум сом мелуан 14 хуэхахуэ, ауэ ар ильэсищым тегуэшащ, мыгъэрей программэм хагъэхьа ильэс. Ар щхьэкIэ я япэ Iыхьэ ящIыгъуу кьыщIатIэрыхьэнур 2008 гъэр кьыхьа иуэжащ. Апхуэдэу сэ сепсэлъащ промышленностмкIэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ ЖХХ-мкIэ министр Уянаев Казим. Абы иужькIэщ мы гъэм зэрахъуэжкIын хуея псы бжьамий метр 500-м и пIэкIэ зы километр тхуэзрахъуэжкIыну унафэ ящIащ. Ар щхьэкIэ я япэ Iыхьэ программэм щымыщу капитальнэ хуэунигъэкIэ

● Ди псэлъэгъуэр

Лъахуэ зыщIэмыП пцIы

зэджраш зыхъыхэр.

А псом кьыкIыркъым ди кьуажэр псынщ дыдэу, тхьэусхьафэ тхыгъэм зэритам хуэдэу зэфIэрэ зэрыбэнрэ ямыIэу. Лашынкьей уэрам нэхъ ину щы кьыязэдох. Курыт уэрамым, администрацэр, курыт еджапIитIыр, нэгъуэщI социальнэ Iуэхущапи Iэхэр зытетым, мы гъэм накьыгъэм я Iуэхугъэ Iэрэхьэ ди кьуажэм Iу Совет Союзым и ЛIыхъжь Кьуэныкьуей Назир и цIэр. Абы кьыбгъуэрт Надречнэ уэрамыр щIым кьыщIэж псынэпсым пыщIащи, абы щыпсэухэр гъэмахуэми щIымахуэми псы щыщIэркъым. ПсыкI зыхуей нэхъ хуэмызэр Кьуэныкьуейм и цIэр зезыхъэ, Подгорнэ уэрамэхэм щыпсэу цIыхухэращ. Апхуэдэу щытми (гъэм и зэманым елъытауэ тIкIэ нэхъ пасэкIэ е нэхъ кIасэкIэ мэхъу), пщыр махуэм курыт уэрамымкIэ, пщыхьэщхьэм Подгорнэ уэрамымкIэ кьыщюж. НэгъэущIу жьIпэмэ, ныкъуэ-ныкъуэу тегушауэ пщыр кьоIуэ, ар зыльэмыIэс унагъуэ зыбжанэ щыIэхъым жьыбэфынукъым, ауэ, зэрыщыту кьапщтэмэ, пIалъэ эхэлъхьам тету псы яIэрохьэ.

А гъэпсыкIэр кьыхэнмудащ зэи хуэмыдэжу мы гъэм щыIа уэгъум: щIым кьыщIэж псыри нэхъ мащIэ хьуат, зэрыхуабащэм кьыхэкIыу цIыхухэм псы нэхъыбэ кьагъэсэбэпащ. Ауэ кьуажэдэсхэми кьагурыIуапхъэу кьызэлытэ, хабзэ убзыхуам тету псыр кьыщыкIуэкI, а уэ узыхуейм уи гъунэгъури зэрыхуэныкьуэр щыщIэкIэ, тIкIи гудзакъэ эхъуIэн, пщIэ зэхуэщIыи зэрыхуейр. Унагъуэ 10-20-м я псы кьижащIэхэр Iуха зэпытмэ, хадзэм псы щагъэльадэмэ, адрей кьуажэдэсхэм я деж ткIуэпс нэсыркъым. Ди кьуажэм бжьамийкIэ псы кьыщыдашар 60 гъэхэрщ. Псы кьижащIэхэр уэрамыпэ кьэс тету щытагъэ аращ. Абы нужькIэ унагъуэхэр нэхьыбэ хьум, зыхуэзфIэкIмэ псы кьижащIэр и пщIащIэ щIэмыIэсыжьыр. Ар зымыщIэ кьуажэм дэс? Хьэмэрэ «уи щхьэ-си щхьэ нэхъри - си щхьэ гуэр» жьхуиIм утетыныр хабзэ тхуэхуауэ ара? Зыи и щхьэр хехри, адрейм гукъаоIи ящэ мэхъу. Мы Iуэху кьинныр кьызэрыхьейр» куэд щIащ, ауэ мыгувэу абы унафэ тещIыхьа хьуну дыщоугуфъ.

Унагъуэ 970-рэ зыдэс кьуажэм (щIапIэу 1350-рэ мэхъу) зыхуей-зыхуэфI хуэзэныкьэ кьуэ ущIэ псори зи пщэрыльэ унафэщI щIалэм иIщI махуэ кьэс щхьэкъэмыIэту зэгупсысри. Щыхуэр лэжьыгъэкIэ кьызэзыгъэпэщ Iуэхущапи ин кьуажэм дэткъым, колхоз зэрыщымыIэжри куэд щIащ, ауэ мэкъумэщ фермер предприятэу 3, бдзэнэдырылажьэу 32-рэ яIэщ. Аэр гъаво гъэкIынми, Iэщ гъэхуэми, нэгъуэщI Iуэхухэр зэрыщымыIэм, кьуажэдэсхэм улахуэ кьрагъэлэжь, зэрыт щытыкIэ гугъуэм зэгъуэзу кьызэрикIынм хущIокъу. Кьуажэм дэтщ курыт еджапIитI, дэтхэнэми щыху 60-70-м нэс щылажьэу. Абыхэм егъэбыдылIа сабий гъэсапIэхэм щыкIуэн 100-м нэблагъэ макIуэ. Дохутыр бжыгъэкIэ ирикъу, абыхэм я Iэнатlэхэр зыхуеину псомкIи кьызэгъэпэща амбулаторнэ-поликлинэ, лабораторэ Iэмэпсымэщхэр зэрыщащ- гъэувр куэд щIакьым.

- Дигу зыгъэныкьуэу дызэлэжьын хуейуэ щыт Iуэхугъуэхэм ящыщщ амбулаторэм унэ щхьэхуэ зэриримыIэр, - жеIэ Хьэутий. - Щыхуэм я узыншагъэм кIэлъыплIь, дэIепыкъуэгъу зэрахуэхуэну псори диIэми, ахэр щIэсын хуей мэхъу администрацэ унэм и яIэ кьатым. Абы гугъуэсигъу ещI лъэныкъуитIми я лэжьыгъэ, Iуэхущапи ИтIми кьеIуалIэ щIыхуэмэ ар хуабжьу кьохьэлъэкI. Абы кьыджIэуу, кьуажэр хуэныкьуэщ Щэнхабзэмкlэ унэ, 1925 гъэм ящIауэ щытащ идажьри кьэс дигъэ. Сэ сщIэжу зэ закъуэщ ар ремонт зэращIар. Пэжщ, тхыдэм епха унэщ жьIпIэр, хьымугъэкIуадэу пхуэхьумэну кьыщIэкIынщ, ауэ тIысынIэхэр ирикъуу зэрыщIэмытыкъым деж кьыщыщIэдзауэ щхьэхуэу зэфIэхьм хуейт лэжьыгъэщхэу щIэтыр. Ар ди программэм хэту Правительствэм щIэтIхьащ, кьыдджхьуIэнуи дыщогугъ.

Апхуэдэу щыт пэтми, Щэнхабзэмкlэ унэм щекIуэкIыпхъэ лэжьыгъэхэм щыщу зыри зэпыуакьым: кьуажэдэс ныбжьыщIэхэр зэхуэзыщэс гуп зэмылIэужьыгъуэхэр яIэщ, кьажэ тхыдэм и музей, библиотекэ хэтщ. ГъуазджэкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым щедзэкIа къуажэгъу щIалэхэм ягъэхьэзыра тепльэгъуэхэр щагъэльагъуэ, самодеятельнэ концертхэр зэкIыпхъэгъэпэщ, сыт хуэдэ махуэщхэри щагъэльапIэ. Куэд щIакъым Лашын и хьэбарым кьытращIыкIа спектакль мыин зэрагъэувр. Жьыпэнуракъэ, хьарзынэу мэлажьэ, ауэ унэр жьы зэрыхъуам, тепльафIэу зэрымыкIыр абыхэм я IуэхущIапхэ псори фае щIохьэкI.

Ди гуапэщ Тхьэзэплъыж Хьэутий кьалэн

●Щикъуэхащ адыгэр дунеижьым

Принцессэ Унжданрэ (Иорданием и пащтых гуапэм и анэм и щыпхъум ихьу) Лолэ инфантэмэ (Испаниемрэ щэнхабзэкIэ центрым и унафэщIу) адыгэ суэрэтыщI Iэзэ Хьэгъуидокъуэ Мукъэрэм и выставкэ Амман кьалэм кьыщIэуах. *1998 гъэ*

Республикэ Илъэсыщ1э псейр егъэкIуэкIыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я Федерацэмрэ зэгъусэу кьащта Унафэ №290-ПП/8-13-р

ШколакIуэхэм я щIымахуэ зыгъэпсэхугъэу зэманыр зэщIэгъэуIуауэ ягъэкIуэн щхьэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я Федерацэм и Президиумымрэ унафэ щIэ:

1. 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м щыщIэдзауэ 2008 гъэм щIышылъэм и 1-м ящыс Налщык кьалэм Профсоюзхэм Щэнхабзэмкlэ я унэм республикэ Илъэсыщ1э псей щегъэкIуэкIын, абы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и курыт еджапIэ Iуэхущапlэхэм я 1-7-нэ классхэм я еджакIуэ минипщ1 нэхърэ мынэхъ мащIэ кьызэщIиубыдэу.

2. Республикэ Илъэсыщ1э псейр егъэкIуэкIыным текIуэдныр сом мелуанрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, сом мин 350-р профсоюз организацэхэм кьабгъэдэкIыу.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансэмкlэ и министерствэм (Бышэн А.А.) ищхьэмкIэ кьыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм тригъэкIуэдэн щхьэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкlэ и министерствэм сом зы мелуан хуэхиныр хуейщ 2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым «Социальнэ политикэ» жьхуиIэ и Iыхьэм «Щыхуэхэм я псэукIэр егъэдIэкIуэн» жьхуиIэ и Iыхьэ къуэдэм кьыщыгъэлъэгъуа ахьшэ бжьыгъэм кьыхэкIыу.

4. Республикэм Илъэсыщ1э псейр щегъэкIуэкIынымкIэ кьызэгъэщIэкIу комитетым хьыхьэну, иратащIэкIыну Iуэхугъуэхэм текIуэдныр и сметэр кьэщтэн.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмрэ хьыбарегащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм (Тут З.Н.) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я Федерацэр и гъусэу зэхилъхьэн икIи 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 15 щIондэ кьызэгъэпэщащ1э комитетым и пащхьэм иригъэхьэн хуейщ 2008 Илъэсыщ1э щыIущIэр зэхьэпIэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я администрацэхэм чэнджащ1эт етын кьалэ, районым Илъэсыщ1э псейр егъэкIуэкIынымкIэ комитетэр кьызэрагъэпэщыну, а комитетэм Илъэсыщ1эм щыIущIэр гъэпсыпIэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр ягъэбедджылын икIи ахэр 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 15 щIондэ республикэ Илъэсыщ1э псейр егъэкIуэкIынымкIэ кьызэгъэпэщащ1э комитетым иратын хуейщ.

7. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкlэ и министерствэм (Тюбеев А.И.), профсоюзхэм я республикэ комитетхэм, профсоюз комитетхэм я пщэм дольхьэн, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я администрацэхэм чэнджащ1эт етын кьалэ округхэмрэ я лэжьакIуэхэм я сабийхэр предприятхэм (организацэхэм), профсоюз комитетхэм я ахьшэкIэ кьащэхуа ильэсищ1э саугъэтхэмкIэ ягъэуфIэну.

9. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Физическэ культурэмрэ спортымкIэ и къэрал комитетым (Кьардэн М.Н.) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIалэгъуалэмрэ жьылагъуэ зэгуэныгъэхэмрэ я Iуэхухэмкlэ и къэрал комитетым (Пащты Б.С.), профсоюзхэм я «Урысей» республикэ физкультурэ-спорт обществэм щыIэ я щIымахуэ зэрыщыIэр зэманым кьрнубыдэу кьызэрагъэпэщыну хуейщ спорт-уэныщIагъэ езыгъэфIакIуэ цIыхубэ Iуэхугъуэхэр.

10. Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм (Томчак Ю.И.) кьызэригъэпэщын хуейщ кьыщрашкIэкIэ, ильэсыщ1э махуэщхуэхэр щрагъэкIуэкI щыIэпхэм сабийхэм щынагъуэ ямыIэнщ.

11. Мы Унафэр гъэзэщIэн зэрыхьэу зэрыщыт ильэсыр и щIэм дольхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдз Дышэкl М.Р., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я Федерацэм и унафэщым и къуэдз Евтушенкэ З.А.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ЯРИНАндрей.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я Федерацэм и унафэщI ТАУ Пшыкэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я Федерацэмрэ 2007 гъэм щкIуэгъуэм и 13-м ящIа Унафэ №290-ПП/8-13-мкIэ кьащтащ

Республикэ Илъэсыщ1э псей егъэкIуэкIынымкIэ кьызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр

Дышэкl М.Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдз *(кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIр)*

Евтушенкэ С.В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я Федерацэм и унафэщым и къуэдз *(кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщым и къуэдзэр)*

Тюбеев А.И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкlэ и министрыр *(кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщым и къуэдзэр)*

Бакъ Ф.О - къэрал Iуэхущапlэхэмрэ жьылагъуэ Iуэхутхьэбзащапlэхэмрэ я лэжьакIуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщIр

Бесльэней Ч.М. - Агропромышленнэ комплексым и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщIр

Бышэн А.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкlэ и

• Щапхъэ

Дунейгъэбжьыфlэ Табыхъу Уэрдэщыкъуэ

Блэкlа лlэщыгъуэм и хьщ, блыщ гъэ хэм газетхэр, радиор, телевиденэр кудрэ щыгъуэт ухуакlуэ цlэрыlуэ Табыхъу Уэрдэщыкъуэ. Щlыщытхъуныр гъунэжт - ухуакlуэ бригадэм и унафэщlыкъуэгъу зэкlужьыр ямыдейуэ гумыгаГъэт, гуащlафlэт, жэрдэм зыхэзгъэ. Уэрдэщыкъуэ зыпэрыувэ Iуэхур дапщэщи хъарзынэу гъэзэщlа хъурт. Ар зи пашэ гупым и лэжьыгъэр, къыщlупщытэн щымыlэу. ныкъусаныгъэнщэу, сыт и лъэныкъуэкlи щапхъэфlт.

СИ ГУАПЭУ сэри мызэ-мытlу сытетхыхьныгъаращ а лlы гъуэзэдкъэм. Инкъуакlэ гунэс сщыкъурт абы и Iуэху зехьэкlэр, цыкъу хэтыкlэр, хьэл-щэн дахэр.

Архив дэфтэрхэр щlэзджыкlыкъу сызджысым, си нэгу кьыщlохъэ «Маяк» газетым (Аруан районым къыщыдэкlым) 1966 гъэм кьыгрезгъэзэгъа тхыгъэр. Ар теуухат Табыхъу Уэрдэщыкъуэ ди къэралым и дамыгъэ нэхъ лъапlэ дыдэр - Ленин орденыр - кьызэрыхуагъэфэщам, а лlым и Iуэхущапфэ дахэхэм.

Илъэс плlыщым щlигъуащ абы пlандэрэ. Сытхэр и псэукIэу пlэрэ нобэ а лlы тельыдкъэм?

А упщlэм и жэуапир къэслъыхьэну си мураду, гъэгуанэ сытохъэ. Анзорей сынос. Псынщlэ дыдэуи кьуажэкъэ кьыщызогъуэт Табыхъум и унэр. Ар тепlъапфэщ, сыткlи зэпэщ, пщlантlэ Iэхуит лъэхуитым, жыг хадэ хъарзынэм йокlупс.

Гуапэу кьысlущlащ Эрдэщыкъуэрэ абы и щхьэгъусэ Клавдиерэ («Кlуркъ» - апхуэдэущ бзыльхугъэм и хьэблэгъэхуэр кьыззрадкъэр).

Iэдкъэм дытепсэлъыхьащ. Зым и псалъэм адрейм кьыпищэуурэ, зэщхьэгъэцэхэм кьыскъуаIуэтащ я гъащlэ гьэгуанэр зыхуэдар, ягъэва гугъуехьхэр, нэ хъ гукьинжь ящыхьуахэр.

Уэрдэщыкъуэ кьыщалъхуат мэкъумэшыщlэ унагъуэм. Пасэ дыдэу, щlалэ цlыкlум и ныбжьыр илъэсищ фlэкlа мыхьауауэ, дунеийм ехьажащ и анэр. Уэрдэщыкъуэ нщlэ жыр-къым абы и теплъэр зыхуэдар, ауэ и гущэкъу уэрэдыр зэман-зэманкlэ зэхих кьыфlэщIуурэ, къэгъуэгурыкlуащ. Нобэр кьыздэсым бзэкъжьыпакъым а макъамэ хьэлэмэтыр - зззэмызэ, пщцыхьэпlэ хэм гъусэ яхуэхъуэхуурэ, игу гьащlэм кьыщоблыж.

Уэрдэщыкъуэ я адэ Джьрандыкъуэ цlыкъу Iэпщlэгъапщlэт. Абы и къуажэгъуэхэм яхуэзэтрилъхьащ чырбыш унэу Iэджэ. И адэм и гъусэу, щlалэ цlыкlуми и гум фlыкlуэ ильэгъащ ухуакlуэ Iэщlагъэр.

Зэманыр екIуэкIыурэ, зауэ емынэр кьохьэ. Уэрдэщыкъуэ и Iыхьлыхэм ящыщу пlэрэ Хэку зауэшхуэм зэкlуэдащ. Нэхъыжьхъэм ящIэк; тыншхьэм зауэ нэужь илъэсхэр. Лэжьыгъэ хьэпlэр уз бзаджэу кьыщlыхьэжри, Джырандыкъуэ сымаджэпlэм хэгъуэтхьащ.

Уэрдэщыкъуэ гурыхуэт, нэхъыфlу еджэхэм ящыщт, щlэныгъэ зригъэгъуэтыну хьэпlэуэрыпсэт, ауэ едкапlэм кьыщlэмыкlыу, и олхозым хэмыхьэху зыкъыкъым. Учетчик кьаланэгъэ зауэлкlэ игъэзэщlащ, Налшык дэт Хладокомбинатым егъэбыдыплъауэ щыта мэзми щыlэжьащ. Мыгувэ нэхъ зыхуэзнижь Iуэхум хокъэ - уухакlуэ мэхъу.

Iлпэ щыкlэ мэлажьэ пхъащlэу. Зы илъэс нэхъ дэмыкlыу, зэфlэкI хъарзынэхэр зэрирlэр кьатьытэри, бригадиру ягъэхуэ. А Iэнатlэм Iуту, щlхьэгъусэ хуохъу и Iыхьлыхэм ящыщ зым (Табыхъу Исмэхьил) и унэм щыхьэщIэу зрихьэлIа, и Iыхьлыхэми кьыхухагъэдэха хъыджэбзыр. Аращ ноби зыдэпсэур. Уэрдэщыкъуэ ещхьырыкlэу, Клави гуГуехь Iэджэ и Iэнатlэр, ауэ Iэдкъэм. Абы и адэр хъэрычэтыщlэт, щыпlэ жьыкъэ хэр кьызэхикlухьурэ, хьэпщыпl зэмылIэужьыгъуэхэр кьнутъкlэрт, ди лъэхъэм щицэрт. Аращ Дохъущыкъуи, адрей и кьуэшхэм «кулак» кьыфlащу щlагъэкlуэдыгъар. 1992 гъэм, абыхэм я «Iуэхум» зэпхъэкlри, хабзэ хьэмэхэм кьалъытащ Кьунащ зэкъуэщхэр политикэ залымыгъэм ихьауэ, я пщIэр кьэIэтыжьыпlэкlи. ИкIи «кьалэтыжащ». Ауэ, дауи, зы пщалъэ и кьитlэжнухьмэ лажьэм Клавдиерэ («Кlуркъ» - апхуэдэущ бзыльхугъэм и ягъэва гугъуехьхэр,

- Кьыстрахьэр си хьэлъэу, си щхьэ зэрыкъузгъэфащэм хуэдэу, дэтхэнэ Iуэхуми сегугъуурэ сыкъэзгъэгурыкlуащ, - жеIэ Уэрдэщыкъуэ, - Си «Кьуэрдэщыкъуэ, - Си «Кьуэрубыдри, я пlалъэм кьыхьа-

хэу Шакум Заурбий, Истепан Хьэсбий сымэ я гъусэу, мастер Iэщlагъэр щызригъэгъэзэжтащ, уху-ныгъэм и «щхьэ-зыкьоми кьыщищlащ.

Ар сэбэпышхуэ кьыщыхуэхъужащ и гъэкьыгъэм. Табыхъур зи пашэ гупыр республикэм пэрыт щыхьащ. А лlы щыпкъэм и Iуэху бгъэдэтыкlэм, иIа екъуlэ-ныгъэхэм теухуауэ псалъэ гуапэ куэд и тхыльхэм ящыщ зым («Гъэунэхуныгъэзи фlэщыгъэм») иритхащ зэгуэрым Уэрдэщыкъуэ и дэIэпыкъуэгъуу щыта, мы зэманым «Кьэбардалъкъарэ-промстрой» корпорацэм и унафэщI, профессор, академик Кьуэкъуей Мухьэмэд.

Бзылъым зи гугъу нщI щапхьэфхэм ящыщу Уэрдэщыкъуэ и бригадэм хэтхэм, жэщ-махуэ ямыIэу лажьэуэрэ, Уэзрэдж кьуажэм зэман кlэщlым кьыриубыдзу еджапlэ хъарзынэз зэрыщlахуэгъар. А школыр кьыщыдэхуэгъар. Абы и щlалэгъуэ щогугlыкlэ я кьурэхьатху-пхъурылъхуэм (ахэр бгъу мэхъу) я екъулIэныгъэхэм. «Зейхэм яхуэфащэщ» кьыжьагъэу, а ныбжьыщIэхэри пэрытщ и Iэнатlэ нэхъыщхьэм - еджэным. Аракъэ насып жьхуаIэр?!

БЕКЪАЛДЫ Илъ.
Iэсхэм куей.

Фейдэр езыхэм къахуонэ

Сэхуран дагъэ кьыщыщlагъэкlыу Проладанэ районым итыр «Глобус» ООО предприятэрщ. А Iуэхущапlэм и фlыщIэкlэ Альтуд кьуажэдэ 30-м щlигъум лъжьыгъэ ягъэтащ.

ПРЕДПРИЯТЭМ и Iэтащхьэ Щтым Хьэлий щыгъуаэ дызэрищlамкlэ, гъэр уэгъуу зэрыщlатам емыльытагъэ, сэхуранир кьызыхуэхъуа хозяйствэхэр мащIэкъыми, кьыхуращlалэ. Хэти абы и уасэр ахьыгъ Iах, хэти Iуэсщхьэ жмыхьу ират, хэти дагъэ щlахуам щыщ нэхъ кьэщlтэхэрщ. Псом ящхьэращи, илъэсщlэм техьэху зэлэжьыи яIэщ. Лэжьыгъэм кьыдэкIуэу зыхуэй-зыхуэфIэхэр нэхьыфIкIэ зэрахъуэкI. «Россельхозбанкым» кредит щIыхуэу медуан 12 кварнтащи, щыщIаху, щагъэкlыжьхэзэ, зэрагъэпхъуэм ар щрагъахъуэ лизнэщIэхэр ягъэуващ, Iэмэпсымэщlэхэм иджыри кьыхащlхуэнэщ.

«Глобус» ООО-м кьыщIигъэкI дагъэм и фlагъыр Урысейм и адрей щlыналъхэмэ хэIущIыу зэрыщIщIынym иужь итщ. Лъабжьэ хъарзынэ зэриIэм Iэмал кьыритащ. Ауэ ди Гъ кьэ деплъыжу приятэ нэхъыфIхэм яхуэхъуну.

«Глобус» ООО-м кьыщIигъэкI дагъэм и фlагъыр Урысейм и адрей щlыналъхэмэ хэIущIыу зэрыщIщIынym иужь итщ. Лъабжьэ хъарзынэ зэриIэм Iэмал кьыритащ. Ауэ ди Гъ кьэ деплъыжу приятэ нэхъыфIхэм яхуэхъуну.

Къэльтапхъэщ республикэм и сату щlапlэхэр нобэм къэс нэгъэущI щыпlэхэм ящхьэ, фlагъ лъапкъи зыбгъэдэмылъ дагъэхэкIэмкIэ гъэщIащу зэрыщытыр. Альтуд дэт предприятэм зы жэщмахуэм хуэзэу, ещlэщIагъэ и лъагъэу тоин 30-40. Нобэм къэс мыбы щыщIаху дагъэр Ставрополь, Ростов щIыналъхэм яшэрт, абыхэм ягъэкъабзэрт, зэрыптыпхэхэм иракIэжьрти, хуэдизкIэ нэхъ лъапIэу ящэжьрт, фейдэр езыхэм къахуонэ. Апхуэдэ лъэкIэм кIэ игъэуташ, предприятэр зыхуэд



Еплъныгъэр къызэуах.

Плъыфэхэм я макъ зэщIэжьыуэ

● Гъаздж

Москва къалэм зэт «Винсент" гъуаздж галереем щагъэпытагъуэ КъБР-м и щыхъуз сурэ тыщI. ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиемрэ ХулъфыгъэхэмкIэ Урысей Академиемрэ я член-корреспондент КIыщ Мухьэдин и IэдакъэщIэкIэр. КIыщым зэман зэхуэмыдэжэм ищIа сурэ тхэр щагъэпытагъуэ "ЦВеТоРитМ"-р къыщIэIуахым щIыхь куэд дыдэ къэкIуат.



Еплъныгъэм кърихьэлIащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Нэхущ Заурбий.

МОСС Жаклин,
КIыщ Мухьэдин и менеджер.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Усэхэм къоджэ

Иджыблагъэ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм и щIэдзапIэу Кэнжэ дэт къуэрыт еджапIэм усэ фIыуэ къеджэхэм я зэпеуэ щекIуэкIащ. Абы я зэфIэкI щагъэнэгъащ 5-7-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщIэ 83-м.

КъЭПЩЫТАКIУЭ гупым хэтащ УФ-м, КъБР-м щыIэ зиIэ и артист Мысостышхуэ Пащыхэбий, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэу ЛIуп Фатимэрэ Алокъуэ Ритэрэ.

- Усэ гъэхуауэ, щэрыуэу ухьеджэфынырэ ар зэчиигъышхуэщ, - жиIащ Мысостышхуэм. - Абы укъыщеджэкIэ тхакIуэм и усэм хилъхьа гурыщIэр къодалуэхэм я деж нэгъэсэныр, захеБгъэщIэфу щыытын хуейщ. Ар Iуэху гъэщIэгъуэнгъ икIи гугъущ. Сэ сызэрепльымкIэ, мыпхущэ зэпеуэхэр нэхъыбэрэ егъэкIуэкIыпхъэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ я ани дэпхьубзэр фIыуэ щIыпх, ди усакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIхэм щыгъуазэу ныбжьыщIэхэр къэгъэтэджэныжмкIэ ар мыхьэнэщхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ.

5-нэ классым щеджэ ныбжьыщIэхэм, я деж япэ уеблэмIэ Тэрч къуэрыт еджапIэм щиубыдащ Молэ Нур-Мухьэмэд (Хьэтlохъущкъуэй, къуэрыт еджапIэ №2), етIуанэ щIалъэ зэхуэгъэщащ Хьэгъэбанэ Къантемыр(Iартан къуаджэм и еджапIэ-интернат) Дыщэкl Аскэрбийрэ (Нарткъалэ, лицей №1), ещанэ уеблэмIэ къыкIащ Тэнащ Анжелэ (Урожайнэ къуажэм дэт къуэрыт еджапIэ).

7-нэ классым и еджакIуэхэм ящыщу текIуэныгъэр къэзыхьар Лъэпщ Миланэщ (Бахъсэн къуэрыт еджапIэ №24), етIуанэ уеблэмIэ хуагъэфэщащ Дол Ланэрэ (Псыгуэнсу, къуэрыт еджапIэ №3) Къардэн Маринэрэ (Аушыджэр дэт къуэрыт еджапIэ), ещанэр эдгуэгъашIащ Шэрий Мадинэрэ (Инарыкъуей дэт къуэрыт еджапIэ), Шыбзыхьуэ Альбинэрэ (Кэнжэ къуэрыт еджапIэ №20).

Зэпеуэм щытекIуэхэм КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, абы и лауреат хуэдизкIэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм рэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ я щIыхь тхыльхэр иратыжынущ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Гудыштэ

Зыхуэзфlэмыкlхэм ядоlэпыкъу

щытыкIэ хьэлъэ пIалъэкIэ ихуа щIыхуэхэм я узынщагъэмкIэ кIэлъопль. Центрым иригъэкIуэкI псапащIэ Iуэхуэхэр езы лэжьакIуэхэм я къаркIэ зэфIагъэкI, абы текIуэдэну мыльку щхьэхуэ зыми къахунутIыпщырыкым. Iуэхур кьыдаIыгащ Гэрч куейм и хъэрычэтащIэхэм.

ТОХЬУТЭМЫЩ Ланэ.
Тэрч куей.

И Iэзагъым Италием щыхегъахъуэ

«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Красножан Юрэ и Iэзагъым хигъэхъуэну Италием кIуащ.

КЪЭРАЛЫМ и чемпион Милан и «Интерым» и футбол хэщIапIэм ар махуэ 12-кIэ щыIэнущ. А зэманым кIрыбыдэу «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэм щыгъуазэ зыхуищIынущ командэ щIэрыIуэм и зэхэтыкIэм, футболистхэм зэрызагъасэ щыкIэм, ахэр зэрыпсэуэм, зэрыджэгум.

Щэч хэлъхьыщ а рэсэ Красножан къыдэхуэщхьэпэнчэ икIи и лэжьыгъэм адэкIи щIэ куэд хилъхьэнымкIэ сэбэп зэрэхъунум. Италием икIынурэ ар занщIу Тыркум кIуэнущ, «Спартак-Налшыкым» гъэ къаклуэ хэтынухэр щагубзыхуну япэ зэIуцIэхэр иригъэкIуэкIын папщIэ.

Файзуинныр «Зеннитым» макIуэ

Къэралым и щIалэгъуалэ командэ къыхэкIа и гъуащхьэхъуэр Файзуин Виктор махуэку блэкIам «Спартак-Налшыкым» хэкIри, Санкт-Петербург и «Зеннитым» хихъащ.

Абы теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ традаскIэщ. Иджы дызыхуэкIуэ илъэсищым Файзуинныр «Зеннитым» щыджэгунущ.

● Iуэху еплъыкIэ

Футболым теухуа гупсысэхэр

НАЛШЫКДЭСХЭР премьер-лигэм кьыхэнэнымэ, абыхэм япэ дивизионым ягъэзэжьнымэ щызэхэкIар ещэщIанэ джэгугъуэм и нужьрей дакъикъэхэрщ. Дэри, «Спартак-Налшыкым» дэщIхэм, ди гум жаы дихуэжащ зэIущIэм и судья нэхъыщхьэм джэгур ихуахуэ хьыбар кьыщIидигъэщIам.

Тыншакъым иджы къэралым и чемпион хъуа Санкт-Петербург и «Зенитым» и Iэхэуры. Налшыкдэсхэмэ хуэдэу, абыхэм Рамеевскэм и «Сатурным» текIуэныгъэр «кьыжьэдэтхъэуэ» жыпIэ хьунущ.

Мы зи гугъу тщIа зэпэщIэтыныгъэхэм нэ хъ хьэпэ т нэ хъ гукъинэж ящIауэ аращ 2007 гъэ джэгугъуэр.

«Спартак-Налшыкыр» премьер-лигэм кьыхэнаци, абы къыщIэщI дэтхэнэ зыми сохьу жьу. ИкъукIэ си гуапэщ икIи сропагэ, командэм и текIуэныгъэхэм зи фIыщIэшхуэ хэлъхьэм дэ лъэпкъэгъу щIалэхэр зэрахэтым, Мэшыкьуэ Аслъэн капитану джэгупIэ губгъуэм гупыр зыбжанэрэ кьыхэзэрыришар. Иджы «Спартак-Налшыкым» 2007 гъэ джэгугъуэр зэрырикъэкIам теухуауэ псалъэ зытIущ.

2006 гъэм еплъытмэ, командэм сыт и лъэныкъуэкIи нэхъ кIэрыгъэхуащ. Апхуэдэу мы гъэм 12-нэ зэрыпсэуэ, мы гъэм 33-рэщ. Мы гъэм топ 29-рэ дагъэкIащ, нэгъабэ - 33-рэ. 2006 гъэм топ 32-рэ кьытхудагъэкIам, мы гъэм ар 38-рэ мэхъу.

Сыт «Спартак-Налшыкыр» нэгъабэ ельытауэ 2007 гъэм нэхъ кьарууэнщэу щIэджэгуар? Фигу кьэзгъэкIыжьнщ абы и жэуапхэм ящыщ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэр - 2006 гъэ джэгугъуэр иуха ныжь, командэм и «пкъыр» - и ныкIуэм нэхъ рэхьэкIэр - гупым хэкIыжащ, ди хьэрхуэрэгъуэр, Владивосток, Сыбырым кьыщIидзауэ Мэзыуэ, Мэзыуэ областым нэсыху, фIыуэ я гъэзэлъэщIри.

Командэм и тренер нэхъыщхьэ Красножан Юрэ зыщIугучыIи имыIэжу кьэнащ. Абырэ и дэлъэныкъуэгъуэмрэ гупыщIэ кьыззэрагъэпэщIыжьын хуей хьуащ. Зыкъелъытыныну кьаратаблэгъэ футболистхэм тэмэму, нэгъэсауэ ящэлэжьну Красножан кьыхэнэ жаг зэман мащIэ дыдэт.

Иджы, Сэри командэм гурэпсэкIэ кьыдэщI дэтхэнэ зыми дигу кьеуэ Iуэхугъуэм сытепсэльыхьыну сыхуейщ.

Нэгъабэ хуэдэу, стадионым и трибунэм сису е телевизорэкIэ премьер-лигэм щекIуэкI зэIуцIэхэм сыщеплъыкIэ, сэ кьыщIыхьурт хамэ кьэралгъэрым сыщыIэу. Н эгъу зыщ хэку кьикIа футболистхэр апхуэдизкIэ ди куэд хуащIи, ящыныкъуэхэм деж кьыпщIохьу узэпльтэ топджэгур Америкэ Ипщэм е Европэм я чемпионату. Легионер к уэдыIуэ зэрыщыджэгур апхуэдизкIэ гукъуэ эшхуэ хь уащи,а дкэ уIукIэм дихьэхэхэм уеблэмэ Урысейм и топтым, футболым и унафэщIхэм щыжаIэ кьохьу, апхуэдэ лъэпкъ чемпионат хуэмейуэ.

Ахэр сыт и лъэныкъуэкIи захущ. Япэрауэ, хамэ кьэралгъэ футболистхэм я Iэзагъым, я зэфIэкIым дыщыгугъкIэ дэ зэи ди лъэпкъ футболым зиужьныкъым. ЕтIуанэрауэ, а кьрагъэблагъэ топджэгу «ВагъуэхэмI» мылькушхуэ ятокIуадэ.

КьыхэгъэщIын хуейщ «Спартак-Налшыкым» апхуэдэхэр зэрыщымащIэр. Хэтщ зырызхэр, ауэ, ахэр хэмытуи командэм куэд лъэкIынукъым - ар кьыбгурыIуэн хуейщ.

Дыгугъэнщ, ильэс зыбжанэ нэ дэкIмэ, «Спартак-Налшыкым» ди щIалэхэм нэмыщI, ди кьэралым и кьалэхэм кьраша футболист зытIущ фIэкIа щымыджогуну. Си фIэщ мэхьу куэд мыщIэу, КъэбэрдеиБалкъэрым и щыхьыр зыхъумэнур ди щIынальэм щагъэса спортсменхэм я закъуэу зэрыщытынур.

ЖызыIэни щыIэщ апхуэдэ зэи къэмыхьуну. Ауэ абыхэм арэзы сащIыдэмыхьын и щIыхьэтщ пщэдджыжькъэс республикэ стадионым я гурэ я псэкIэ футболым ета, ныбжь зэхуэмыдэжэм ятI щIэкIуэ бжыгъэжэр зэрыщIислъагъур. Ахэращ ди кьэкIэнур икIи ныбжьыщIэхэм я Iэзагъэм хагъэхьуэн папщIэ сыт и лъэныкъуэкIи кьыззэпэщащ. Республикэ топджэгур и нэIэ щIэтщ Президент Кьаноковыр Арсен. Ар спортым зэрыкIэлъыплъыр, абыкIэ щIэблэ кьыдэжьугъэтIэр зэрирагъэжьауэ щытащ «дистанционнэ единствэнэ» щIалэ центрым. Ахэрщ информатикэмкIэ ди республикэм и япэ егъэджакIуэ хъуахэри. Иджыблагъэ КъБР-м и районитI-м а щIэныгъэм щыхуэгъэдажэ Iуэхущ Iэхуэщ Iэхуэщ Iэхуэр къыщыIэтхуащ. Республикэм и егъэджакIуэ мин 40-м щIигъум информатикэ щIэныгъэм и лъабжьэр абыхэм щаджауэ я Iэнатlэхэм ехьулIэныгъэкIэ къыщагъэсэбап. Информатикэр джыдэ щыщIадза илъэсым КъБР-м и курыт еджапIэу 230-м щIигъум компьютерэр щагъэувауэ щытамэ, абы къыкIэлъыкIуэ илъэси 3-4-м яхуэзфIэкIащ кьалэ, къуажэ ящ1ой псори абы кърагъэубыдым. Къэбэрдей-Балъкъэрым Егъэджныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэту информатикэм и къудамэхэр джыным гулъытэщхуэ щыхуащI республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм. ИнформатикэмкIэ щIэныгъэлI нэхъыбэ зэригъэхьазырыным теухуа проектыщIэхэм щолъжь Къэбэрдей-Балъкъэр къралгъуниверситетым. Технологие пэрытым тету зрагъэужьжьыну, щIэупщIэ зиIэ иджыпей электроннэ пкъыгъуэхэр щагъэхьэныр предприятхэу этрагъэпсыхьаныжьну мурад хуащIащ Налшык дэт завод зыбжанэм.

ЛЬОСТЭНМУЗ.

● Нобэ Урысей информатикэм и Махуэщ

Зэманым къегъэув

Иджырей гъащIэр нэгум кьыщIэгъэхьэгъэйщ информатикэншэу. Информатикэм е.ныгащ щIыхуб гъащIэр, информатикэр, псом хуэмыдэжу щIебгъэм я къхуэхым зегъэужьныр, егъэджныр.

ИДЖЫРЕЙ зэпыщIэныгъэхэм дэтхэнэ зыми Iэмал кърет Iуэху еплъыкIэхэм, Iуэхуэм я убзыхуэIэм зыщIигъэгъуэзэну. Информатикэр дэни кьыщагъэсэбап компьютер щIэныгъэм и лъабжьэщ. Абы кьыхэкIыу еджэныгъэм и зы программи кууэ уелэжьфынкъым а щIэныгъэм и мызакъуэу, «сетевой технологиекIэ» дыдэдэу абы кьыззщIинубыдэ унэтIныныгъэ псоми гульытэ хуумыщIу, машIэ-куэдми зыщумыгъэгъуазэу. Республикэм информатикэ щIэныгъэр япэ кууэ джын щыщIадзащ 2003 гъэм. «КъэкIуэнум хуегъаджэн» Урысейпсо программэм ипкъ иту.

Волгоград дэт къэрал педагогическэ университетым и щIэныгъалIэхэм Интернет-центрхэмрэ КъБР-м Егъэджныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ я лэжьакIуэ-методист 15-р информационнэ технологием щыхурагъэджауэ щытащ «дистанционнэ единствэнэ» щIалэ центрым. Ахэрщ информатикэмкIэ ди республикэм и япэ егъэджакIуэ хъуахэри. ИжьакIэ КъБР-м и районитI-м а щIэныгъэм щыхурагъэджэ Iуэхущ Iэхуэщ Iэхуэщ кьыщыIэтхуащ. Республикэм и егъэджакIуэ мин 40-м щIигъум информатикэ щIэныгъэм и лъабжьэр абыхэм щаджауэ я Iэнатlэхэм ехьулIэныгъэкIэ къыщагъэсэбап. Информатикэр джыным щыщIадза илъэсым КъБР-м и курыт еджапIэу 230-м щIигъум компьютерэр щагъэувауэ щытамэ, абы къыкIэлъыкIуэ илъэси 3-4-м яхуэзфIэкIащ кьалэ, къуажэ ящ1ой псори абы кърагъэубыдым. Къэбэрдей-Балъкъэрым Егъэджныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэту информатикэм и къудамэхэр джыным гульытэщхуэ щыхуащI республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм. ИнформатикэмкIэ щIэныгъэлI нэхъыбэ зэригъэхьазырыным теухуа проектыщIэхэм щолъжь Къэбэрдей-Балъкъэр къралгъуниверситетым. Технологие пэрытым тету зрагъэужьжьыну, щIэупщIэ зиIэ иджырей электроннэ пкъыгъуэхэр щагъэхьэныр предприятхэу этрагъэпсыхьаныжьну мурад хуащIащ Налшык дэт завод зыбжанэм.

ЛЬОСТЭНМУЗ.

● Гу зытъытапхъэ

КъБКъУ-м и адыгэ къудамэр илъэс 60 ирокъу

КъБР-м Егъэджныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, КъБКъУ-м и ректоратым хъыбар фагъащIэ дыгъэгъаазэм и 20-нэ сыхьэтыр 14-рэ дакъикъэ 30-м университетым и адыгэбзэ щадж къудамэр кьыззрызэIуахрэ илъэс 60 зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ зэIущIэ абы и актовэ пэщым зэрыщекIуэкIыныкIэ. Пщыхьым кьрагъэблагъэ адыгэ, адыгэурыс къудамэр 1947 гъэм щегъэжьауэ 2007 гъэм нэс къззыухахэр.

ГуфIэгъуэ зэхьихьэм хэтынущ КъБР-м, университетым и унафэщIхэр, газетхэм, телевиденэм, радиом я лIыкIуэхэр, адыгэ уэрэджьIакIуэ щIэрыIуэхэр.

● Щэнхабзэ

Псэр егъэпIейтей

«Креп и нужьрей лентI" спектаклым Iусен Олег щыджэгуу.

«ГАЗЕТА Юга газетым, Горьким и щIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым щылажьэ Олег Нэгъуей Мухьэдин и «Фатум» уней театрми и актер пашIэм ящыщ зыщ. Араща езы Iусенм игъэувакIуэ щыджэгу Беккет Сэмюэл и «Креп и нужьрей лентIэ» пьесэм кьытрагъыкIа зы актерым и спектаклыр щигъэлъагъуэри.

Сэ куэд щIауэ си нэгу щIэкIыжакъым апхуэдэу купщIэ зыпкърыIуэ спектаклрэ апхуэдизу Iэзэу джэгу зэрыщIэрэ. Спектаклым зы лIыхъужь фIэкIа зэрызэмыгъынум щхьэкIэ зэпыгъуэ хьункIэ кьысщыхьуу сыкIуат, дауэ сыхьэтрэ ныкIуэкIэ сыщIэсыну жысIэр. АрщхьэкIэ сызэрымыгугъуэр кьрыщIэкIащ: зэрекIуэкIыну зэманыр кьыстехьэльэн дэнэ къана, кьызэмэщIэкIауэ спектаклыр ихуащ.

Сэ слъэгъуащ Олег игъэзащIэ роль зыбжанэ. ЩIалэр зыкъом щIауэ, Теплаяев Баленпин и студием зэрыхэт гъыандэрэ, соцыхуэ. РольфI куэд игъэзэщIащ, псом хуэмыдэу сэ гукъинэж сщыхьат Урыс драмэ театрым щагъэувауэ «Поминальная молитва» спектаклым зэрыщыджэгуар. Ауэ Креп лIыхъужьыр псоми текIуащ, икIи Олег зэрырежиссерыфIри а лэжьыгъэмкIэ кьригъэIуащ.

Сыхуейт спектаклым кIэщI дыдэу и гугъу сщIыну. Креп и щхьэр зэкIуэкIащ, ауэ ар куэдкIэ нэхъ псэ кьабззщ зрихьэлIа щIыхуэм нэхъ рэ. И гъащIэм и кьекIуэкIыр кIыр зытригъэтха магнитофон лентIэхэр кьригъауэрэ, ар и блэкIам хопльэж, ищIа псоми уасэ хуегъэувыж. И гум щыщIэ гупсысэ псори зи нэгум кьнбджыкI артистым ун гур имыгъэзыбнкIэ, псэкIэ абы укъыщэмыщIынкIэ Iэмал иIэкъым. Образ пльэн кьыгъэщIащ Олег, идкъыпсту сыбгъэдыхьэу и щхьэм Iэ дэслъарэт жьыуигъэIэу. Сценэм кьыщIихьэр пэжагъ нн хэпъ кьэгъэзэгъэнырщ, щIыхуэм ар хьэжь ящIипщIыфыырщ гъуэуздэжь лъагэкIэ узэдэнэрщ.

Спектаклыр щекIуэкIым утыкум кьыщIихьэм и мызакъуэу, а сабий епIэ щIыхуэмэ сакIэлъыплъащ. Пэшым щIэст щIалэгъуаци, нэхъыжьыIуэ, зи ныбжьыр хэкIуэтехэри. Ауэ дэтхэнэ зыри яльагъуэм зэрригъэпIейтейр наIуэт, мыхэр бауэу пIэрэ, жьыуагъэIэу я нэр утыкум теIуэрыуэ щысат. Абдежьми сэ кьыщIыгурыIуащ щIыхуэхэм я нэхъыбэр зэрыпсэкIабзэр, зэригугъпIащэр. Кьэгъэушын хуей кьудейуэ аращ, псэр зыгъэпIейтей Iуэ хугъуэхэр, спектаклъ хьэпэмэтхэр ебгъэлъагъуурэ, дахагъэр, фIыр, гъуэзджэ нэсыр кьэбгъэсэбэпурэ. Ар Iусен Олег хуэфIэкIащи, фIыщIэ ин хуэфащэщ.

БЭЛЭГОКЪУЭ Светэ.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэр, КъБР-м и Журналистхэм я союзыр, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь» газетхэм, «Минги-Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэр «Кабардино-Балкарская правда» газетым жэуап зыхь и секретарь **Умарова Людэзэ Алий и пхъум** хуогъаз-вэ абы и анэ **Тамарэ Умар и пхъумрэ** и адэ **Алий Умарий и къуэмрэ** зэрылIам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖъэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаев Маригъ, Льостэн Музэ, Ныбжь Танэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ЭЖЫАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, егъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэжьэныжьмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортым-рэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдэзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуу зэныту щытыкIэм.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьанныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щыпымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэхъу яту.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм 1905 гъэм щылэ Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, редактору **Ныбжь Танэ**, корректорхэу **Афэ Тамарэ** *(2,4-нэ нап.)*, **Пхытlыкl Юрэ** *(1,3-нэ нап.)*, корректорхэм я дэлъныкъуэгъу **Иуан Заирэ.** *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ:* **Дол Маринэ, Мэзбахьэу Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтыщI* **Бицу Жаннэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.045● Заказ №3539